Reyinyon Komite kap Siveye Plan Prensipal Estratejik Roxbury

5 oktòb 2020

1. RSMPOC
Byenvini ak Oryantasyon

Gid pou itilize Zoom

Byenvini! Men kèk konsèy pou moun kap itilize Zoom pou premye fwa yo.

Kòmand ou yo parèt sou pati anba ekran

Nenpòt lè ou gen yon kòmantè oswa yon kesyon, itilize tchat la pou tape li –
Se manm RSMPOC/ BPDA kap modere tchat la

Pou leve men w, annik klike sou "Participants" (Patisipan) sou pati anba ekran w lan, annapre seleksyone opsyon "Raise Hand » (Leve Men) nan kazye patisipan an



Sou silans/pa sou silans – Yo pral etenn son patisipan yo pandan prezantasyon an –
animatè a pral limen son w pandan diskisyon an si w leve men w epi se tou pa w pou pale

Lap aktive/dezaktive fonskyon videyo a

Etik Zoom

Nou vle asire ke konvèsasyon sa a se yon eksperyans ki enteresan pou tout patisipan yo.

- Tout patisipan yo ap sou mòd silans jiskaske nou rive nan pati *Kesyon+Repons* (Q+A) nan konvèsasyon an. Si w ta renmen pale nan moman sa a, tanpri itilize fonksyon “Raise Hand” ki nan Zoom nan konsa yon moderatè BPDA a ka retire patisipan yo sou mòd silans.
- Tanpri respekte tan yo bay nou chak la.
- Nap mande tout patisipan pou limite kesyon yo pou pèmèt lòt moun patisipe nan diskisyon an. Si w gen plis kesyon, tanpri tann jiskaske tout lòt patisipan yo jwenn opòtinote pou yo poze kesyon.
- Si nan reyinyon sa a nou pa rive sou kesyon w lan, tanpri ekri yo nan "Chat" nan fen reyinyon an oswa imèl yo bay Kelly.sherman@boston.gov

Entèpretasyon ak Tradiksyon

“Spanish” –pou panyòl
“German” –pou kreyòl ayisyen
“English” –pou angle



Anrejistreman Reyinyon an

Sou demann manm kominotè yo, yap anrejistre reyinyon sa a epi yap afiche li nan paj entènèt Plan Prensipal Estratejik Roxbury nan

bit.ly/theRSMPOC pou moun ki pa ka patisipe nan Zoon andirèk (live).

Epitou, gen posibilite pou patisipan yo anrejistre reyinyon an ak kamera telefòn yo oswa ak lòt aparèy. Si w pa vle yo anrejistre w pandan reyinyon an, tanpri etenn mikwofòn ou ak kamera w.

Si kamera w ak mikwofòn ou dekonekte, ou ka patisipe kanmenm atravè opsyon text chat.

Ajennda

1. **Byenveni ak Oryantasyon RSMPOC**
2. **Prezantasyon Nawn Factory Developer (Dev 1)**
    a. Kesyon ak Repons RSMPOC
    b. Kesyon ak Repons Kominotè
3. **Art @ the Nawn Factory (Jonathan Smalls)**
    a. Kesyon + Kòmantè RSMPOC
    b. Kesyon + Kòmantè Kominotè

Prezantasyon ak Mizajou RSMPOC

Premye lendi nan mwa a

Pat gen reyinyon an janvye

3 fevriye 2020

2 mas 2020 @ BWSC

Pat gen reyinyon ann avril

Pat gen reyinyon an me

Pat gen reyinyon nan mwa jen

Pat gen reyinyon an jiyè

Pat gen reyinyon nan mwa dawout

14 septanm 2020

5 oktòb 2020

2 novanm 2020

Ka Gen Reyinyon an desanm

Responsabilite RSMPOC

- Yo te kreye Komite kap Siveye Plan Prensipal Estratejik Roxbury (RSMPOC) nan lane 2004 poutèt Plan Prensipal Estratejik Roxbury a (RSMP).

- An jeneral se RSMPOC ki reprezanje katye Roxbury a, e moun ki ladann yo se moun Majistra a Nonmen, se moun otorite ki eli yo nonmen, se asosyasyon katye yo, ak òganizasyon kominotè yo.

- RSMPOC kontwole enplemantasyon Plan Prensipal Estratejik Roxbury ak PLAN: Nubian Square.

Règ Angajman RSMPOC

- Yo pral anrejistre tout reyinyon piblik yo sou platfòm zoom lan. Anrejistreman yo ap disponib nan sit entènèt RSMPOC nan **bit.ly/theRSMPOC**

- Yap voye tout avi piblik pou annonse reyinyon yo **4 semèn** alavans. Ou ka jwenn annons yo nan "**Bay State Banner, Boston Sun,** ak **South End News**." Pral gen sèvis entèpretasyon kap disponib nan lang **panyòl, kreyòl ayisyen,** ak **lòt lang sou demand.**

- Nou swete dewoulman nouvo reyinyon an va bay piblik la plis tan pou l poze kesyon ak fè kòmantè. Patisipan yo ka afiche kòmantè yo nan tchat la nan peryòd kòmantè a. Tanpri, avize pou fè konnen si kesyon an se pou RSMPOC oswa BPDA. Pa bliye, ou ka toujou fè konnen sa w panse sou entènèt nan **bit.ly/theRSMPOC**

- Piblik la pral gen opòtinite poze ant 6 a 8 kesyon, toudepann de restriksyon tan an. Tanpri, limite kesyon ak kòmantè w yo, pa depase 1 a 2 minit, konsa nap kapab adrese leplis kesyon posib nan tan nap genyen an. Si gen nenpòt kesyon ankò, yap reponn yo sou imèl oswa yap afiche repons la nan **bit.ly/theRSMPOC**. Epitou ou ka voye imèl bay RSMPOC (**RSMPOC@gmail.com**) oswa bay BPDA dirèkteman.

- Nap mande tanpri souple, lè wap pale, sonje bay non w pou prezante tèt ou, di nou si w reprezante yon òganizasyon, e si w se yon moun ki rete nan Roxbury.

Enskri. Angaje w. Poze Aksyon.

- **Enskri:** Enskri nan Komite kap Siveye Plan Prensipal Estratejik Roxbury, ak/oswa enskri nan yon Komite kap Egzamine Pwojè (PRC).

- **Angaje w:** Patisipe nan reyinyon piblik yo. Poze kesyon. Envite vwazen, gwoup sivik Roxbury ak òganizasyon, biznis, moun ki rete nan zòn nan oswa lòt afilye kominotè nan reyinyon piblik yo.

- **Poze Aksyon:** Egzamine epi kòmante pwojè, devlopman ak inisyativ planifikasyon an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou reyinyon ki pral fèt yo, sou pwojè devlopman ak kijan pou patisipe ladan yo, ale nan **bit.ly/theRSMPOC**

Objektif Plan Prensipal 2004 Orijinal la

- Amelyore **lavi kiltirèl ak sivik** nan katye a
- Ankouraje **kwasans divès e dirab** avèk travay pou rezidan lokal yo
- Asire **transpò prive** ki **pratik e san danje**
- Agrandi ak amelyore **lojman pou divès** gwoup laj ak gwoup sosyo-ekonomik
- Kreye yon d**omèn piblik ki konfòtab, dinamik e san danje** ki reflete divèsite rezidan lokal yo
- Amelyore **patisipasyon kominotè** ak **emansipasyon** atravè plis transparans bò kote gouvènman, enstitisyon ak biznis yo

Sous: Plan Prensipal Estratejik Roxbury, p.4

2.
Historic Boston Incorporated

Sant Byennèt ak Listwa a nan Faktori Owen Nawn nan



Historic Boston Inc. ak The Wellness Collaborative ap pwopoze transfòme faktori istorik Owen Nawn nan an yon sant plen animasyon pou kominote a kapab vin chèche byennèt ak fè dekouvèt.

Historic Boston Inc.

N ap Devlope Katye yo Gras a Prezèvasyon Patrimwann nan

Historic Boston Incorporated (HBI) ap rekonstwi lye istorik yo pou ede katye Boston yo pwospere.

N ap travay pou resèvi ak ansyen pwopriyete pou reponn bezwen ki genyen yo kounye a, anrichi kominote yo, epi restore fyète katye yo.



Old Corner Bookstore nan Anbalavil Boston se te premye pwojè HBI an 1960.

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

Historic Boston Inc.

N ap Devlope Katye yo Gras a Prezèvasyon Patrimwann nan

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

CEDAR STREET MARBLE ROWHOUSES (1875)

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

CEDAR STREET MARBLE ROWHOUSES (1875)

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

ALVAH KITTREDGE HOUSE (1834)

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

ALVAH KITTREDGE HOUSE (1834)

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

EUSTIS STREET FIRE HOUSE (1859)

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

EUSTIS STREET FIRE HOUSE (1859)

KITTREDGE PARK ROW HOUSES (ane 1860 yo)

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

KITTREDGE PARK ROW HOUSES (ane 1860 yo)

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

Fowler Clark Epstein Farm, Mattapan

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

Fowler Clark Epstein Farm, Mattapan
The Urban Farming Institute (UFI)

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

Sant Byennèt ak Listwa a nan Faktori Owen Nawn nan

NOTICE




MAYNARD
PLYMOUTH
ST.
NICKERSON
CORDAGE WORKS
STEAM SAW
MILL
MOROCCO
FACTORY
BURIAL
GROUNDS
WEBSTER
FELLOWS
ST.
EUSTIS
ST.
METROPOLITAN

- INS

the Island
Marines
West St.
Summer Street
Long Lane
Point Str.
Frost
Lane
Essex
Street
Hollis
Str.
Beech Str.
Bennet Str.
Sea St.
Windmill Point
Fletchers Lane
Griffins Wharf
South Battery
Floating Battery
Intrenchment
the Fortification
Boston Neck
Redoubt
English Lines
DORCHESTER HILL
Dorchester Neck
FORSTER HILL
SIGNAL-TR
HILL

HISTORY

1955
PROPOSED I-695 INNER BELT



Faktori Owen Nawn nan

Pwopozisyon Devlòpman

Stull & Lee Architects

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

Pwopozisyon Devlòpman

Stull & Lee Architects

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

Pwopozisyon Devlòpman

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

Sant Byennèt ak Listwa a dirèkteman respekte kondisyon RFP yo:

- **Prezèvasyon ak reyabilitasyon** estrikti istorik la annakò ak Nòm Sekretè Enteryè a pou Reyabilitasyon, ak **restorasyon pwopòsyon orijinal la**
- Rekonvèti pwopriyete a pou **entèpretasyon istorik, magazen, itilizasyon kiltirèl, edikatif ak komèsyal**
- The Wellness Collaborative, yon **òganizasyon ki pa gen bi fè lajan ki baze nan Roxbury ak konsantre sou li** yon òganizasyon ki konsantre sou sante ak byennèt, pral sèvi kominote a gras a inisyativ li yo nan:
  - **Edikasyon**
  - **Rechèch**
  - **Angajman ak Pwogram Kominotè**
  - **Sipò pou enkibasyon pou nouvo antreprenè lokal yo**

Espas travay pataje konsantre sou sante ak byennèt

Espas Biwo TWC/ Sant Byennèt

2,600 pye kare espas kote piblik la kapab vini pou aktivite edikatif, kiltirèl ak entèpretasyo n istorik

Espas Fleksib Kominotè pou Egzèsis, Yoga, Mizik, Dans ak Aktivite Atistik

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

Sant Entèpretasyon Listwa ak Ba Roxbury an

timelooper™

Reyalite Ogmante ki se yon prezantasyon Timelooper nan MLK Memorial nan Washington DC

-- Yon espas dinamik ak kreyatif ki konsakre a listwa Roxbury avèk ekspozisyon, aktivite ak pwogram andedan yon ba komèsyal.

-- Ap gen istwa, tèm ak eksperyans k ap elabore ak kominote a, epi k ap fè rapò ant listwa ak sante ak byennèt kominote a.

-- Eksperyans nimerik yo nan Roxbury (Reyalite Ogmante ak Vityèl, Ekran Nimerik pou Manyen, aplikasyon, elatriye) ki elabore an konsiltasyon ak TimeLooper.

-- Plis entèraktivite gras a pòdkas ak estidyo anrejistreman listwa oral

HBI HISTORIC BOSTON INCORPORATED

Finansman Pwojè

- Kou Total yo Prevwa pou Devlòpman an: $ 8.25 Milyon

- Sous total yo Prevwa pou Devlòpman an
  - Resèt Kredi sou Taks Eta a pou Lye Istorik: $ 500,000
  - Resèt Kredi sou Taks Federal yo pou Lye Istorik: $ 600,000
  - Resèt Kredi sou Taks pou Nouvo Mache: $ 2.56 Million
  - Dèt Pèmanan: $ 1.01 Milyon
  - Sibvansyon CNF la pou Whittier Street: $ 500,000
  - Levedfon Komen HBI ak TWC a: $ 3 Million

Faktori Nawn nan pral reyabilite pou respekte Nòm Sekretè Enteryè a pou Reyabilitasyon. Tout ansyen pwojè HBI yo fèt selon nòm sa yo, epi sèvi ak finansman gras a kredi sou taks .

Bi Pwojè Equity a

1. **Chwa Bòs Mason an:**
    - Bay rezilta nan atenn bi anbochay minorite yo
    - Relasyon founisè sèvis ekselan pou respè bi Antrepriz Komèsyal Minorite ak sendika yo
2. **Respekte ak depase bi Vil Boston an pou Biznis Minorite ak Sendika:**
    - 51% rezidan Vil la
    - 40% founisè sèvis ki se Antrepriz Komèsyal Minorite
    - 40% Anplwa Minorite
    - 12% Patisipasyon WBE
3. **Pwopriyete (Devlòpman aktif)**
    - Transfere pwopriyete Nawn nan bay lokatè yo pwopoze yo, The Wellness Collaborative
    - TWC gen nan tèt li fanm koulè; Collaborative la gen kounye a 100% manm li yo ki se moun koulè epi 65% se fanm.

The Wellness Collaborative, Inc™

Rasanble. Bay. Grandi

Kòmanse nan timoun rive nan granmoun aje,
nou rasanble pou bay,
epi nou bay pou grandi.

20 Eustis Street, Roxbury, MA 02119
www.thewellnesscollaborative.org

The Wellness Collaborative, Inc. (TWC)

Misyon:
Konstwi yon kolektiv plizyè disiplin k ap travay ansanm pou of konpreyansyon ak pi bon pratik yo pou favorize sante, byennè dirab pèsonèl ak kominotè.

Direksyon an ak Ko-Fondatè yo

Robin Reed, MD, MBA
Prezidan, Medsin Entèn

Jeanette Callahan, MD
Trezorye, Pedyatri

Karen Craddock, EdM, PhD
Sekretè, Sikoloji Aplike

The Wellness Collaborative gen kòm objektif elimine inegalite nan sante nan okipe:

PWOBLÈM JENERALIZE

KONFYANS AK RELASYON

DEZAKÒ KILTIRÈL

ENFLIYANSÈ SOSYAL

PWOBLÈM JISTIS

Apwòch TWC a pou Byennèt Kominotè

Angaje nan kominote a

Devlope relasyon konfyans

Entegre sante mantal ak konpòtman

Kiltive yon anviwònman ki respekte kilti

Bay istwa pèsonèl ak kominotè valè nan moun nan ak nan gwoup la

Siplemante, konplete ak soutni lòt sèvis sante ak byennèt (kolaborasyon)

Ofri sèvis ak pwogram bon mache

Pwogram TWC pou Sant Byennèt ak Listwa a

Ba k ap ofri manje ak bwason ki bon pou lasante
Galri kominotè
Aktivite sou Listwa ak Estidyo anrejistreman istwa oral
Espas pou travay pataje

Gwoup pou parantaj
Konsèy sou nitrisyon
Aktivite pou redui estrès
Byennèt sosyal/emosyonèl

Yoga, meditasyon, tai chi, egzèsis, dans, mizik

Modèl debaz TWC a global ak konplè

7 Disiplin
Byennèt yo

Sèk Kolaboratè Nou an ap Laji

Kesyon ak Kòmantè

3.

Art @ the Nawn Factory Jonathan Smalls

Art @ the
Nawn
Factory



2 SECOND FLOOR PLAN
Scale: 3/32" = 1'-0"



1 FIRST FLOOR PLAN
Scale: 3/32" = 1'-0"

Nawn Factory RFP
Jonathan Smalls
Roxbury, MA

O'SULLIVAN ARCHITECTS, INC.
ARCHITECTURE ▪ INTERIORS ▪ PLANNING
606 MAIN STREET, SUITE 3001 ▪ READING, MA 01867

ISSUED
2-10-20

REVISED / REVISED BY

SHEET NUMBER
2 of 2

JOB NO:

Tenasite Klimatik

- Twati vejetal
  - Kaptaj dlo lapli pou pa kite dlo lapli a debòde
  - Plant natifnatal ki sipòte ekosistèm Massachussetts
  - Diminye vag chalè iben atravè evaporasyon
- Panno solè
- Bilding net zero

Tenasite Klimatik

- Fonksyon dlo yo
  - Opsyon refwadisman piblik lè gen gwo chalè
  - Atraksyon amizan pou timoun
- Irigasyon ak dlo yo re-itilize
  - Sipòte mouvman plante pye bwa nan pak
  - Kenbe sòl la imid pou diminye efè vag chalè

Avantaj Kominotè

- Klas ekzèsis
  - Aktivite pou adilt lematen ak apre travay
  - Ankouraje kondisyònman fizik, aktivite ak devlopman kominotè
- Pwogram atizay pou jènjan
  - Aktivite para-eskolè
  - Ankouraje mobilizasyon jèjan yo

Avantaj Kominotè

- Evènman sosyal leswa
  - Òganize aktivite dinamik ki enteresan nan plas Dudley apre lè travay
  - Atire rezidan ki pral sipòte biznis ki nan zòn nan
- Espas pou atis ka lwe
  - Kreye nouvo resous pou atis sou sèn ka fè repetisyon

Travay

Travay Dirèk

- Estrateji Bon Travay
- 4 anplwaye ki ede kliyan / manajè nan sèvis resepsyon @ $17.50 pa èdtan oswa $35k chak ane
- - 5 – 7 travay pou anseye gwoup @ $18 - $25 pa èdtan / $36k - $50k
- - 2 travay kòm direktè @ $50k - $60k

Travay Endirèk

- Netwaye bilding
- Jadinaj
- Kontabilite nan biwo
- Teknisyen Ekleraj ak Konstriksyon

Espas Vè (espas ki gen pyebwa ak plant) nan Eksteryè

- Evènman piblik
  - Evènman atis vin prezante ankouraje piblik la ale nan aktivite ki fèt anndan yo.
  - Ravive espas la vizibleman
- Espas pou rankont enfòmèl
  - Agrandi espas pak kote rezidan yo ka fè yon ti detant

Paking

- Devlopman ki oryante sou tranzit
- 0.6 mil apatide estasyon Ruggles Orange Line
- 0.3 mil apatide estasyon bis Nubian Square
- 0.5 mil apatide parking piblik la nan garaj Crosstown Center
- anfas ri kote paking Tropical Food ye, yo ka valide parking la?



Kesyon ak Kòmantè

Peryòd Kòmantè

- Prezantasyon sa yo gen yon peryòd kòmantè ki dire 2 semèn. Yo dwe soumèt kòmantè yo anvan 21 oktòb.

- Si w gen kòmantè kounyeya, ou ka mete kòmantè w yo nan seksyon Chat la, epi yap konsève yo otomatikman (pa voye mesaj prive)

- Si annapre ou gen kòmantè, tanpri voye yo pa imèl bay kelly.sherman@boston.gov oswa morgan.e.mcdaniel@boston.gov